

PLENT AK VYOLASYON KONSÈNAN CHOFAJ

NYC
Department of
Housing Preservation
& Development

Kòmansman nan mwa oktòb 2017
**EGZIJANS POU CHOFAJ
PANDAN SEZON FREDI**
1ye oktòb - 31 me

LAJOUNEN
6 a.m. - 10 p.m.
Omwen **68°F** andedan

LANNWIT
10 p.m. - 6 a.m.
Omwen **62°F** andedan

Anba **55°F** deyò

Pa gen okenn egzijans
pou tanperati deyò

Lokatè ki pa gen chofaj yo fèt pou depoze yon plent nan
Aplikasyon Mobil NYC311, lè yo rele **311**
(TTY 212-504-4115), oswa sou entènèt nan **nyc.gov/311**

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb **nyc.gov/hpd**

Notifikasyon Plent

Si yon lokatè depoze yon plent 311 ki gen rapò ak chofaj oswa dlo cho, HPD ap eseye notifiye pwopriyetè bilding oswa ajan administrasyon bilding lan ki anrejistre valableman an pou mande l pou li ranje chofaj ak dlo cho a touswit. HPD pa pral bay mèt kay oswa ajan an okenn enfòmasyon sou dat enspeksyon an.

HPD ka eseye kontakte lokatè a pou konfime si yo te ranje chofaj oswa dlo cho a. Si toujou pa gen chofaj oswa dlo cho, yo pral voye yon enspektè HPD pou fè yon enspeksyon.

Enspeksyon ak Vyolasyon

Si gen plizyè plent ki soti nan menm bilding lan, Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) ka sèlman eseye jwenn aksè nan youn nan apatman yo pou konfime si pa gen okenn chofaj oswa dlo cho. Se pou yo tcheke chofaj lan obligatwaman pandan enspeksyon an pou yon enspektè kapab bay yon vyolasyon - li dwe pi ba pase 55 degre deyò a pandan lajounen pou chofaj kapab obligatwa. Pa gen okenn egzijans pou tanperati deyò ant 10 p.m. ak 6 a.m.

Reparasyon ann Ijans

Si yon pwopriyetè pa ranje chofaj ak dlo cho apre yo bay li yon vyolasyon, Pwogram reparasyon Ijans (Emergency Repair Program) HPD a ka kontakte konpayi prive pou ranje chofaj oswa dlo cho a epi yo pral voye bòdwo bay pwopriyetè a pou reparasyon yo, plis nenpòt lòt frè ki genyen.

Penalite

HPD pou swiv san rete Lòd pou Koreksyon ak penalite sivil devan Tribinal Lojman lè yo bay vyolasyon. Yo ka enspekte pwopriyetè yo si HPD fè plizyè enspeksyon ki fè yo vin jwenn vyolasyon. Kèk pwopriyetè kapab kalifye pou satisfè penalite sivil la si yo voye yon peman 250 dola ak yon Avi pou Koreksyon - pwopriyetè yo dwe byen analize Avi Vyolasyon an.